



## AVI POLITIK

**Tit Politik la:** Politik Asistans Finansye pou Swen Timoun ki Elijib sou baz Revni Pwovizwa ak Depatman Asistans Tranzitwa (DTA)

**Nimewo Politik la:** CCFA-25-03

**Dat Piblikasyon an:** 3/18/2025

**Dat li Efektif:** 4/1/2025

**Lyen Politik la:** [Asistans Finansye pou Swen Timoun: Règleman, Oryantasyon ak Resous | Mass.gov](#)

## APÈSI

EEC kontinye fè chanjman aktif nan pwogram Asistans Finansye Swen Timoun Eta a pou amonizasyon avèk Regilasyon Asistans Finansye pou Swen Timoun (606 CMR 10.00) ki te antre an aplikasyon 1ye oktòb 2023.

EEC te pibliye Gid Politik Elijib sou baz Revni Pwovizwa, Poltitik Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), ak Depatman Asistans Tranzitwa (DTA) ki efektif apati 10/1/2023, an previzyon lòt mizajou ak lòt chanjman pou aplike politik yo konplètman. Politik pwovizwa sa yo rete an vigè, anplis lòt avi politik Asistans Finansye pou Swen Timoun. Avi politik sa a mete an aplikasyon plis nan règleman ak chanjman politik sa yo, tankou politik pwovizwa pou fanmi k ap chèche asistans finansye pou swen timoun ak fanmi ki bezwen plis tan pou bay dokiman pou kalifye pou yon apwobasyon 12 mwa pou asistans finansye pou swen timoun, ak kijan pou kalifye nan kad plizyè bezwen sèvis.

## APLIKABILITE

Politik sa yo aplike pou tout Administratè Aksè Familyal (FAAs), yon moun oswa yon òganizasyon ki verifye elijiblite pou Asistans Finansye pou Swen Timoun tankou Resous Swen Timoun ak Ajans Referans, ak founisè kontra yo.

## MIZAJOU KLE

### MIZAJOU SOU REVNI KI ELIJIB

#### ▪ **Chanjman Otorizasyon Aktivite Pwovizwa / k ap Chèche Apwobasyon**

Apati 1ye avril 2025, peryòd otorizasyon pwovizwa a pral chanje soti 26 semèn avèk renouvèlman san limit rive youn oswa de peryòd 12 semèn nan yon otorizasyon 12 mwa, selon sikontans yo.

*Fanmi ki gen yon Otorizasyon Pwovizwa / k ap Chèche Aktivite Apwouve ki...*

Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov

te kòmanse anvan 1/4/25	Rete sou Otorizasyon Pwovizwa 26 semèn yo a jiskaske li fini, apre sa nouveau règ politik pwovizwa 12 semèn yo ap aplike pou yo, si yo pa satisfè yon lòt bezwen sèvis.
kòmanse nan dat 4/1/25 oswa apre	Nouvo politik la aplike: yo ka resevwa yon Otorizasyon Pwovizwa 12 semèn, si yo pa satisfè yon lòt bezwen sèvis.

#### ▪ **Politik Aktivite Pwovizwa/ Rechèch Aktivite Apwouye**

Apati 1ye avril 2025, fanmi ki elijib sou baz revni k ap chèche otorizasyon inisyal oswa reotorizasyon ki apwouye nan dat oswa apre 1ye avril 2025 ka resevwa yon otorizasyon pwovizwa / Rechèch Aktivite Apwouye pou 12 semèn. Nouvo fanmi yo dwe verifye idantite yo, rezidans yo, ak konpozisyon fwaye yo pou yo prezime elijib pou asistans finansye pou swen timoun atravè yon otorizasyon pwovizwa. Eljiblite prezime se yon estati tanporè yo bay yon fanmi yo estime ki satisfè egzijans eljiblite minimòm yo pou asistans swen pou timoun sou baz premye tès depistaj yo. Estati sa a pèmèt kèk fanmi kòmanse resevwa asistans pou swen timoun pandan y ap chèche yon aktivite oswa rasanble dokiman sou bezwen sèvis adisyonèl, si yo pa kapab bay li nan lespas 30 jou apre yo aplike pou Asistans Finansye pou Swen Timoun.

Nenpòt fanmi ki te apwouye pou yon otorizasyon pwovizwa 26 semèn anvan 1ye avril ap rete jiska reotorizasyon yo. Nan moman sa a, yo ka elijib pou yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn / Rechèch Aktivite Apwouye, si yo pa gen yon bezwen sèvis.

Yon otorizasyon pwovizwa aplike sèlman pou fanmi ki prezime elijib pou asistans finansye pou swen timoun san yon bezwen sèvis, oswa ki bezwen plis tan pou verifye bezwen sèvis yo. Yo dwe bay yon fanmi 30 jou pou bay tout dokiman eljiblite pou kalifye pou yon otorizasyon 12 mwa. Otorizasyon pwovizwa a pa dwe bay anvan peryòd 30 jou a. Yon fanmi dwe bay yon otorizasyon 12 mwa dèke yo bay tout dokiman yo epi FAA dwe trete aplikasyon pou asistans finansye pou swen timoun nan 10 jou apre li resevwa dokiman an.

Nan fen premye peryòd pwovizwa 12 semèn lan, yon fanmi ka resevwa yon lòt 12 semèn **sèlman** si yo kapab verifye yon bezwen sèvis (eksepte "Rechèch Aktivite ki Apwouye") ap kòmanse anvan fen dezyèm peryòd pwovizwa sa a. Pa egzanp, yon paran ka ant semès prentan ak semès otòn nan lekòl la epi peryòd enskripsyon pou enskri nan klas yo pokò kòmanse, men yo pral nan dezyèm peryòd 12 semèn lan.

Si fanmi an pa kapab verifye konplètman eljiblite yo pou Asistans Finansye pou Swen Timoun nan fen peryòd pwovizwa yo a, plasman an ap fini. Yon fanmi gen jiska 30 jou apati dat fen plasman an pou relouvri Asistans Finansye Swen Timoun yo, si yo kapab bay tout dokiman eljiblite ki manke yo. Si fanmi an pa bay sa a nan lespas 30 jou apati dat fen plasman an, Asistans Finansye pou Swen Timoun yo ap fini. Yon fanmi ta bezwen mande Asistans Finansye pou Swen Timoun atravè Lis datant lan apre tan sa a.

Si yo bay tout dokiman yo anvan oswa nan fen peryòd pwovizwa a, Asistans Finansye pou Swen Timoun fanmi an ap kontinye jis nan fen peryòd otorizasyon 12 mwa yo te bay otorizasyon pwovizwa pou li oparavan an.

Anplis de sa, règleman sa a aplike pou fwaye de paran, kote youn oswa toude paran yo ka bezwen yon peryòd pwovizwa pou yon total de pou fwaye a pandan yon peryòd otorizasyon 12 mwa.

Otorizasyon pwovizwa yo pa dwe itilize pou rezon sa yo:

- Pou konbina avèk travay 15 èdtan oswa plis
- Pou akselere apwobasyon pou anaplwaye Edikasyon ak Swen Bonè
- Pou Konje Paran
- Pou yon aktivite oswa travay ki verifye pou kòmanse nan lespas 30 jou

Otorizasyon Pwovizwa / Rechèch Aktivite Apwouve ka itilize sèlman lè yon aktivite, oswa konbinezon aktivite, mwens pase 20 èdtan pa semèn pou pèmèt paran yo ogmante èdtan yo oswa satisfè yon lòt bezwen sèvis pou elijiblite kontinyèl. Rechèch Aktivite Apwouve ka sèlman konbina avèk lòt aktivite bezwen sèvis lè lòt aktivite yo konte pou yon mwayèn mwens pase 15 èdtan pa semèn. Anplis de sa, konbine Rechèch Aktivite Apwouve ak lòt aktivite bezwen sèvis yo ka itilize sèlman pou bay yon fanmi yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn.

Sèl eksepsyon an se paran ki gen yon bezwen sèvis nan travay sèlman, oswa yon konbinezon travay ak edikasyon ak / oswa fòmasyon egal a omwen 15 èdtan men mwens pase 25 èdtan chak semèn. Paran ki satisfè eksepsyon sa a elijib pou yon nouvo aktivite sèvis ki rele Pathway to Full Time Employment (Pakou pou Travay a Tan PLen) ki pral enkli nan bezwen sèvis yo. Gade Mizajou Bezwèn Sèvis yo anba a.

#### ▪ **Revni ak Frè Paran yo**

Si fwaye a gen revni ki ka kontabilize lè yo antre yon otorizasyon pwovizwa avèk Rechèch Aktivite Apwouve, yo dwe antre revni an epi enpoze yon frè pou paran an, si sa aplikab. Yon fwa fanmi an bay enfòmasyon ki nesesè pou kontinye otorizasyon an apre peryòd pwovizwa a, yo dwe antre enfòmasyon ki pi resan sou revni an nan sistèm CCFa a. Kòm yon rapèl, yon fwa yo te etabli yon frè paran pou yon otorizasyon, li pa ka ogmante anvan pwochen reotorizasyon an. Remak: Frè paran yo pa anile nan otorizasyon pwovizwa yo ankò.

#### ▪ **Rapò sou Chanjman yo**

Paran ki gen yon pèt bezwen sèvis pandan yon peryòd otorizasyon 12 mwa ka chanje aktivite yo an Rechèch Aktivite Apwouve pandan 12 semèn. Yo ka pèmèt chak paran gen yon otorizasyon pwovizwa siplemantè **sèlman** si yo gen prèv yo pral kòmanse yon aktivite anvan dezyèm peryòd pwovizwa 12 semèn sa a fini. Yon fwa yon fanmi ka verifye aktivite yo a pral kòmanse nan pwochen 30 jou yo oswa pi bonè, aktivite bezwen sèvis la dwe aktyalize epi otorizasyon 12 mwa ki egziste deja a ka kontinye. Apre sa, fanmi an pa t ap elijib pou itilize Rechèch Aktivite Apwouve ankò jiskaske pwochen otorizasyon 12 mwa yo a kòmanse.

#### ▪ **Reotorizasyon**

Si yon fanmi pa konplete pwosesis reotorizasyon an epi otorizasyon pou swen timoun yo fini, yo gen 30 jou pou bay tout dokiman ki manke pou fè Asistans Finansye pou Swen Timoun yo reouvri ak reotorize si yo kontinye satisfè tout lòt règ elijiblite yo. Apre 30 jou

apati dat fen otorizasyon an, yo dwe mete yon fanmi sou lis datant lan. Kòm yon rapèl, EEC pa pral ranhouse pou swen yo bay san yon plasman aktif pou Asistans Finansye pou Swen Timoun.

## **MIZAJOU DEPATMAN ASISTANS TRANZITWA A**

### **▪ Rechèch Aktivite Apwouve DTA**

Yo ka refere fanmi ki aktif nan TAFDC yo bay yon CCRR ak yon referans DTA pou Rechèch Aktivite Apwouve. Tip referans sa a pral otorize fanmi yo pou 12 semèn sèlman. DTA dwe bay yon nouvo referans pou Aktivite Apwouve TAFDC pou yon nouvo otorizasyon ranpli pou 12 mwa.

### **▪ Swen Tranzitwa pou Timoun**

Pou ansyen fanmi TAFDC ki ap soti nan yon otorizasyon Aktivite Apwouve DTA oswa jwenn aksè nan Asistans Finansye pou Swen Timoun nan lespas 24 mwa apre yo fin fèmen TAFDC yo, DTA pral konfime paran yo ap patisipe nan yon aktivite sèvis admisib ki nesesè lè yo bay yon referans Tranzitwa.

FAA yo pral verifye aktivite bezwen sèvis paran an nan kad kalifikasyon pou Swen Tranzitwa DTA pou Timoun. Nan fwaye ki gen de paran, tou de paran yo dwe satisfè règ elijiblite yo. Si fwaye a gen revni ki ka kontabilize, li dwe mete l. Fanmi ki nan premye ane yo nan Swen Timoun Tranzitwa an ap kontinye pa peye yon frè paran.

Si paran an pa gen yon aktivite nan moman y ap evalye yo pou Swen Tranzitwa pou Timoun lan, l ap kalifye pou otorizasyon pwovizwa. Si yon ansyen fanmi TAFDC pa satisfè règ bezwen sèvis yo epi plasman swen timoun yo fini, yo ta kontinye gen jiska 24 mwa apati fèmti ka TAFDC yo pou jwenn aksè nan swen ak yon bezwen sèvis elijib.

## **MIZAJOU BEZWEN SÈVIS**

Bezwen sèvis fè referans a rezon ki fè yon fanmi bezwen swen pou timoun epi li gen ladan kantite èdtan yon paran ap patisipe nan yon aktivite apwouve. Bezwen sèvis ki akyalize ak nouvo bezwen sèvis ki sèvi kòm yon aktivite apwouve endike pi ba a:

### **▪ Pakou pou Travay Aplentan**

Pakou pou Travay a tan plen se yon nouvo bezwen sèvis ki rekonèt diferan fason paran ki anplwaye yo ka ap travay pou anplwa a tan plen, tankou fòmasyon pwofesyonèl, edikasyon, ak estaj. Pakou Travay a tan plen pèmèt tou pou paran yo travay pou ogmante èdtan yo oswa jwenn travay ki pi estab.

Lè paran yo ap travay, oswa ap travay an kombinezon avèk edikasyon ak / oswa fòmasyon, pandan omwen 15 èdtan, men mwens pase 25 èdtan pa semèn, san okenn lòt aktivite sèvis admisib, FAA yo ka ajoute nan bezwen sèvis sa a pou bay yon otorizasyon 12 mwa pou swen timoun a tan plen. Si otorizasyon aktyèl la gen ladan Pakou pou Travay a Tan

Plen kòm yon bezwen sèvis, sèvis sa a pa ka itilize kòm yon bezwen sèvis nan pwochen reotorizasyon an. Yo ta dwe ofri epi enkli tan vwayaj si sa aplikab.

Fanmi yo dwe bay dokiman ki etabli yon fason rezonab èdtan paran yo ak salè travay ak lòt bezwen sèvis. Kòm yon rapèl, paran yo ka bay prèv èdtan chak semèn yo epi touche revni nan lespas dènye 26 semèn yo panse ki pi byen reflete travay yo. Èdtan kolèj, edikasyon ak fòmasyon yo kalkile sou baz èdtan ki verifye pou kou, klinik, kredi kolèj oswa èdtan etid pwofesyonèl. FAA yo ta dwe al gade nan Politik Asistans Finansye Swen pou Timoun sou baz Revni Pwovizwa pou plis detay sou kalkil èdtan yo.

#### ▪ **Protective**

Protective se yon nouvo bezwen sèvis ki rekonèt lòt defi ki ka bloke kapasite yon paran pou travay oswa stabilite fanmi li. Bezwen sèvis sa a se pou yon paran k ap sibi, oswa ki te sibi vyolans domestik oswa k ap patisipe nan tretman twoub itilizasyon sibstans oswa reyabilitasyon. Yo ka itilize bezwen sèvis sa yo pou kalifye yon fanmi pou yon otorizasyon 12 mwa pou swen a tan plen, menm si paran an ap travay oswa ale nan yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon. Fanmi yo ap toujou oblige soumet enfòmasyon sou revni, epi yo ka enpoze yon frè paran.

- **Vyolans Domestik**

Lè yon fanmi kalifye pou sèvis la bezwen Pwoteksyon akòz vyolans domestik, FAAs dwe travay avèk paran an pou jwenn yon oto-deklarasyon siyen ki ateste yon sitiayson vyolans domestik ki enplike paran an ak / oswa timoun nan ak youn nan dokiman sa yo pou konfime bezwen sèvis la:

- Dosye tribunal, medikal, sikolojik, kriminèl, sèvis pwoteksyon timoun (DCF), sèvis sosyal, lekòl oswa lapolis;
- Dokiman ki montre paran aplikan an te jwenn yon lòd pwoteksyon oswa li te pran lòt mezi legal pou mete fen nan vyolans domestik la;
- Prèv li chèche yon kote ki an sekirite tankou yon chèltè; oswa
- Yon lèt ki endike paran an patisipe, oswa te patisipe, nan sèvis èd sikolojik pou vyolans domestik, tankou gwoup sipò.

- **Tretman Twoub Itilizasyon Sibstans oswa Reyabilitasyon**

Lè yon fanmi kalifye pou bezwen sèvis Pwoteksyon akòz tretman oswa reyabilitasyon pou twoub itilizasyon sibstans, FAA yo dwe travay avèk paran an pou jwenn yon oto-estimasyon plan tretman paran an ak dokiman sa yo pou konfime bezwen sèvis la:

- Deklarasyon ekri sou tit pwofesyonèl ki soti nan men yon otorite medikal sètifye oswa anplwaye pwogram tretman ki gen ladan non ak tip pwogram nan, dat kòmansman ak dat finansman ki prevwa, ak èdtan pa semèn.

#### ▪ **Konje Paran**

Bezwen sèvis aktyalize sa a bay paran ki nan yon konje tanporè nan travay, edikasyon, oswa fòmasyon pou rezon ki gen rapò ak nesans yon timoun, plasman yon timoun nan fanmi an, oswa swen yon timoun, yon otorizasyon 12 mwa pou swen a tan plen. Ou ka itilize sèvis sa a nan otorizasyon inisyal oswa reotorizasyon pou yon paran nan yon fwaye. Si yon paran gen bezwen sèvis adisyonèl, yo dwe antre yo, tankou travay oswa avantaj Konje Medikal

Peye pou Fanmi (PFML). Tout revni ki ka kontabilize yo dwe antre epi yo dwe enpoze yon frè, si sa aplikab. Si paran an rapòte konje parantal la nan yon otorizasyon aktif, bezwen sèvis sa a ka rete jiska reotorizasyon li a. Li ka kontinye kalifye pou rezon sa a nan reotorizasyon sou baz sou dokiman li yo.

FAA yo dwe konfime non paran an, dat kòmansman ak dat fen konje yo prevwa a, epi rezon pou konje a enkli nan YOUN nan dokiman sa yo pou bezwen sèvis sa a:

- lèt nan ki soti nan men anplwayè / pwogram edikasyon oswa fòmasyon an;
- lèt ki soti nan men doktè / ajans adopsyon an;
- dokiman ki montre konje medikal peye a; oswa
- yon oto-atestasyon siyen ki sètifye paran an an konje parantal.

#### ▪ **Militè**

Nouvo bezwen sèvis sa a kalifye fanmi ki gen yon paran ki aktif nan lame amerikèn, tankou Gad Nasyonal la, epi ki deplwaye oswa aktive nan yon zòn konba, zòn sèvis danjere, oswa yon kote pou preparasyon pou deplwaman nan yon zòn konba oswa sèvis danjere. Fanmi ki bezwen sèvis Militè yo pral kalifye pou yon otorizasyon 12 mwa pou swen a tan plen. Nan yon fwaye ki gen de paran, dezyèm paran an pa bezwen gen pwòp bezwen sèvis li. Si paran prensipal la oswa dezyèm paran an (si l fè pati fwaye a) gen yon lòt bezwen sèvis, yo dwe endike l epi enpoze yon frè paran si sa aplikab.

FAA yo pral konfime estati yon paran avèk dokiman sa yo pou bezwen sèvis sa a:

- lòd militè ki konfime paran an nan lame amerikèn epi kounye a deplwaye oswa aktive nan yon zòn konba, zòn sèvis danjere, oswa yon kote pou preparasyon pou deplwaman nan yon zòn konba oswa sèvis danjere

- **Rapèl:**

- FAA yo dwe enfòme paran yo sou tout opsyon bezwen sèvis yo pandan y ap eksploré tout defi yo idantifye nan premye entèraksyon an.
- FAA yo dwe konekte paran ki pa gen bezwen sèvis yo nan resous travay, edikasyon, oswa fòmasyon nan zòn yo, tankou Sant Karyè MassHire yo oswa lòt pwogram sèvis travay sou baz objektif yo.
- Swen a tan plen defini kòm 25 èdtan oswa plis pa semèn.
- Fanmi ki gen nouveau travay nan moman otorizasyon an ka itilize yon lèt travay oswa yon fòm verifikasyon travay (EVF) pou konfime bezwen sèvis yo.
- Fanmi ki bay yon lèt travay oswa EVF dwe bay yon otorizasyon 12 mwa epi yo pral endike nan CCFA kòm "travay".
- Paran an dwe bay relve peman yo nan reotorizasyon an si li te otorize okòmansman avèk yon lèt travay oswa EVF paske se te yon nouveau travay.
- "Nouveau Travay" ak "Travay ak Tèt ou" yo pa opsyon ki ka chwazi nan sistèm CCFA a ankò.

## RESOUS

Enfòmasyon ki nan avi politik sa a ranplase tout referans otorizasyon pwovizwa ak / oswa politik Aktivite Apwouve nan seksyon sa yo nan politik Asistans Finansye pou Swen Timoun Elijib sou baz Revni Pwovizwa:

- Bezwén Sèvis - Rechèch Aktivite Apwouve (mitan pg. 15)
- Bezwén Sèvis - Konbine Aktivite Bezwén Sèvis (mitan pg. 17)
- Kalifikasyon - Peryòd Otorizasyon (pp. 17-18)
- Elijbilité – Peryòd Otorizasyon – Reotorizasyon (mitan pg. 18)
- Frè paran yo (pg. 23)

Avi sa a bay oryantasyon aktyalize sèlman konsènan tout lòt dispozisyon Asistans Finansye pou Swen Timoun yo te pataje anvan atravè komunikasyon politik sa yo:

- [\*\*Politik Asistans Finansye pou Swen Timoun sou baz Revni Pwovizwa - 1ye oktòb 2023\*\*](#)
- [\*\*Politik Pwogram Asistans Finansye pou Swen Timoun ki gen rapò ak DTA Pwovizwa - 1ye oktòb 2023\*\*](#)
- [\*\*Avi Politik EEC - Operasyon sou Teren 7-2024\*\*](#) – Asistans Finansye pou Swen Timoun

Tanpri vizite [Sant anliy EEC a pou Chanjman nan Pwogram Asistans Finansye Swen pou Timoun lan](#) pou règlementasyon ki pi resan yo, politik pwovizwa yo, ak avi politik yo.

Pou asistans nan aplikasyon oswa entèpretasyon politik pwovizwa Asistans Finansye Swen pou Timoun sa yo, tanpri kontakte EEC nan [eecsubsidymanagement@mass.gov](mailto:eecsubsidymanagement@mass.gov).